




Sesyon Enfòmasyon pou Paran Lekòl Mwayen- Prentan 2021



AJANDA



- Plan Daksyon Paran pou Elèv Lekòl Mwayen
- Prezans
- Kominikasyon / *SIS Gateway*
- Orè Egzamen
- Estrateji pou Pran Tès
- Pwomosyon & Klasman nan Lekòl Mwayen
- Règleman *Marjory Stoneman Douglas* sou Sekirite nan Lekòl Segondè Piblik



Plan Daksyon Paran: Lekòl Mwayen

Lekòl Mwayen enpòtan paske pitit ou a ap poze baz nan anpil matyè epi kreye abitud etidye. Pandan pitit ou a ap devlope yon seri abilte kounye a, sa pral pèmèt li adapte l ak defi ki pral prezante nan lekòl segondè ak kolèj pi devan — epi sa ap pèmèt gen plis opsyon pou kolèj. Men kèk bagay oumenm ak pitit ou kapab fè pou pwofite moman sa a omaksimòm.

- Tabli objektif pou ane a pou w kapab ede pitit ou rete motive epi fokus.
- Revize kalandriye lekòl ansanm epi pran nòt sou dat enpòtan yo.
- Tyeke travay lekòl yo regilyèman pou selebre siksè epi rezoud pwoblèm yo kòm yon ekip.
- Pran ti konsèy pou devwa pitit ou.
- Pale konsènan aktivite andeyò korikoulòm nan pou ede pitit ou idantifye enterè epi santi li pi angaje li nan lekòl.
- Ankouraje pitit ou pou li pran kou ki pi difisil li kapab sipòte pou tabli konfyans epi prepare tèt li pou klas segondè ki nan piwo nivo.
- Vini ak ide lekti ki komik pou rann lekti a amizan.
- Vizite yon kolèj ansanm ki pa twò lwen pou w kapab fè pitit ou enterese nan kolèj.





Prensip ak Règleman sou Prezans



Manyèl Fanmi ak Elèv SDPBC “Distri Lekòl Rejyon Palm Beach” la bay eksplikasyon sou règleman ak prezans. Tout règleman lekòl yo an konfòmite ak prensip jeneral Distri a ki anba la yo:

- Paran yo responsab pou avize lekòl la lè yon timoun pral absan epi enfòmè lekòl la sou rezon absans la.
- N ap atann pou paran avize lekòl la lè pitit yo absan epi enfòmè lekòl la sou rezon absans la nan yon espas 24 èdtan atravè yon nòt alekri. N ap aksepte pou paran yo kominike vèbalman tou pou bay rezon absans la.
- Ofisyèl lekòl yo kapab mande verifikasyon medikal pou absans la.
- Se responsablite elèv la pou li fè devwa ratrapaj li te manke akòz absans la.



Règleman & Prensip sou Prezans pou Elèv Lekòl Mwayen



- Elèv lekòl mwayen dwe gen yon minimòm 90 pousan prezans nan lè klas la pou yo kapab pase yon kou nan lekòl mwayen.
- Elèv ki absan pou plis pase 10 pousan lè klas la kapab pase ak yon nòt si li demontre li metrize sa ki anba la yo:
 - Fè yon nòt minimòm “D” pou trimès la; ak
 - Pase egzamen evalyasyon trimès la ak yon nòt minimòm “D”.
- Elèv ki montre li metrize klas la avèk siksè ap resevwa nòt yo genyen an epi yo pa baze sou evalyasyon trimès la pou yo kab konnen si elèv la merite nòt la.

NOTE: *Elèv ki pa fè yon minimòm “D” pou trimès la dwe demontre yo metrize kou a pandan yo pase egzamen evalyasyon trimès la avèk yon minimòm 70%. Elèv ki montre yo metrize kou a avèk siksè atravè tèz evalyasyon trimèstriyèl ap gen yon “D” pou peryòd sa a. Règleman sou prezans nan lekòl segondè aplike lè yon elèv ki nan lekòl mwayen enskri nan yon kou pou kredi lekòl segondè.*



Benefis ki Genyen nan Prezans Kotidyen



- **Reyalizasyon:**
Pratik lesou chak jou, devwa, ti tès kout, egzamen, epi pase tès lekti ak matematik.
- **Ekspozisyon a lang Anglè a:**
Ogmante kapasite nan lang.
- **Apatenans a kominote lekòl la:**
Devlope kapasite sosyal ak bonjan espri sitwayen
- **Enpòtans Edikasyon:**
Aprann konnen ale lekòl trè enpòtan pou edikasyon.



Kominikasyon an de (2) Sans

Kominikasyon ant fanmi yo ak lekòl la nesèsè pou siksès elèv yo. Elèv yo pèfòme pi byen akademikman lè paran jwe yon wòl aktif nan edikasyon pitit yo. Opòtinite pou kominikasyon an de (2) sans enkli:

- Reyinyon Paran
- Jounal kotidyen/ebdomadè elèv oswa tyèk nan katab chak mwa
- Òganizasyon pwofesè ak paran oswa konsèy kominote lekòl
- Apèl telefonik
- Imèl oswa sit web lekòl
- Fè sèten ou tyeke nòt pitit ou ak pwogrè li fè nan “*Student Information System (SIS) Gateway*” (Pòtal pou Sistèm Enfòmasyon Elèv (SIS))



Pòtal Sistèm Enfòmasyon Elèv (SIS)



- “SIS Gateway” a bay paran ak elèv yo aksè rapid pou jwenn enfòmasyon sou orè endividyèl elèv, devwa, rapò sou evalyasyon, prezans, ak anpil lòt bagay.
- Paran ak elèv ki nan lekòl segondè kapab wè nòt ak evalyasyon aktyèl yo.
- SIS Gateway” a pèmèt paran ak elèv yo gen abiltè pou imèl pwofesè fasilman sou sistèm nan.
- Elèv yo gen aksè nan “ SIS Gateway” atravè “icon”/bouton lenk ki disponib nan pòtay elèv ki nan sit web Distri a.
- Paran yo dwe enskri (*register*) avèk yon adrès imèl pou kreye yon kont SIS ki aktif.
- Paran yo dwe kontakte lekòl pitit yo epi mande manadjè “Gateway” a pou yo jwenn yon kod aktivasyon .



Evalyasyon Jeneral Eta a

Assessing Comprehension and Communication in English State-to-State for English Language Learners (ACCESS for ELLs 2.0) (Evalyasyon Konpreyansyon ak Kominikasyon ann Anglè pou Elèv k ap Aprann Anglè)

- Mezire pwogrè Elèv k ap Aprann Anglè yo (ELL ann anglè) pou konpetans nan anglè, garanti konpetans nan lekòl pou bay rannman siperyè, akademikman
- Seksyon nan tè la enkli: Tande, Lekti, Langaj, ak Redaksyon.

Florida Standards Assessment (FSA) Evalyasyon Estanda Florid nan Kominikasyon Oral/Ekri nan Anglè (English Language Arts (ELA)) ak Matematik

Next Generation Sunshine State Standards (NGSSS) nan Egzamen Syans

- Mezire konpetans nan lekti, redaksyon, matematik, syans, ak syans Sosyal ak konesans elèv ta dwe akéri
- Ede detèmine nivo skies elèv genyen nan tout Estanda Eta yo.
- Tout elèv, ki nan klas 3010, ak/oswa nan kou ki aplikab ki enkli egzamen fendane oblije patisipe san konsidere konbyen tan yo te enskri nan lekòl nan Etazini.

Next Generation Sunshine States Standards (NGSS) (Egzamen Final) End-of-Course (EOC) Assessments

- Mezire rannman elèv nan estanda yo pou kou ki espesifik: Enstriksyon Sivik, Aljèb 1, ak Jewometri
- Reprezante 30% nòt final kou a
- Elèv lekòl entèmedyè ki enskri nan Aljèb 1 oswa Jewometri oblije pran egzamen EOC ki koresponn nan, pa egzamen nivo klas la.



Orè Evalyasyon Jeneral Eta a

| Evalyasyon | Elèv ki te pran Tès | Dat Distri a Bay |
|--------------------------|--|-------------------------|
| ACCESS for ELL's 2.0 | Elèv ELL Klas 6 ^{yèm} , 7 ^{yèm} , 8 ^{yèm} | 24 Janvyè – 18 Mas 2022 |
| FSA ELA Redaksyon | Klas 6 ^{yèm} , 7 ^{yèm} , 8 ^{yèm} | 4-15 Avril 2022 |
| ELA Lektè ak Matematik | Klas 6 ^{yèm} | 2-13 Me 2022 |
| ELA Lektè ak Matematik | Klas 7 ^{yèm} , 8 ^{yèm} | 2-27 Me 2022 |
| Syans | Klas 8 ^{yèm} | 9-20 Me 2022 |
| Sivik EOC | Elèv ki Anwole nan Kou | 2-27 Me 2022 |
| Aljèb 1 ak Jeyometri EOC | Elèv ki Anwole nan Kou | 2-27 Me 2021 |



Akomodasyon pou Elèv k ap Aprann Anglè (ELLs) epi ki Resamman Soti nan Pwogram ELLs epi k ap Patisipe nan Tès Evalyasyon Jeneral Eta Florid



Anviwònman Fleksib:

- Tès nan yon sal separe avèk elèv *ESOL* oswa pwofesè ki pale menm lang ak yo ki sèvi kòm administratè tès.

Orè Fleksib:

- Pran yon sesyon tès pandan plizyè peryòd brèf pandan yon jounen lekòl; ou dwe konplete chak sesyon tès nan yon jounen lekòl.
- Yo kapab bay tan adisyonèl pou konplete yon sesyon tès; ou dwe konplete chak sesyon tès nan yon jounen lekòl.

Asistans nan Lang Natifnatal

- Yon pwofesè *ESOL* oswa ki pale lang natif natal la kapab bay elèv *ELL* yo èd limite pandan l ap bay elèv yo direktiv, sijè, atik, ak chwa repons chwa repons yo, nan pwòp lang li;. Yo pa otorize prezante sijè a oralman, atik, ak, chwa repons ann Anglè oswa nan pwòp lang timoun nan. Yo pa dwe ede yo nan bay eksplikasyon mo oswa fraz pou pasaj *ELA Lekti* ak *ELA Redaksyon*.
- Ou kapab reponn kesyon elèv yo poze konsènan direktiv jeneral sou tès la nan pwòp lang elèv la.
- Ou kapab reponn kesyon espesifik ki gen konfizyon nan sijè a, eleman tèks yo, oswa nan chwa repons-yo akòz limitasyon nan lang anglè a, men ou pa dwe bay elèv la repons ki kapab ede elèv la pwodui, korije, oswa edite repons yo. Ou pa dwe bay èd nan mo ak fraz pou pasaj *ELA Lekti* ak *ELA redaksyon*.



Fason Pou w Ede Pitit ou Prepare Pou Egzamen Jeneral Leta yo



Avan Tès la

- Revize enfòmasyon yo voye lakay ou ki gen rapò ak orè tès yo epi ede pitit ou prepare pou tès
- Ede pitit ou nan domèn ki difisil pou li pandan w ap bali plis materyèl pou li pratike.
- Pale ak pwofesè pitit ou a si ou gen kèk pwoblèm ak tès la oswa yon sitiyasyon konsènan tès la.

Nan Jou Tès la

- Asire ou pitit ou a te dòmi byen epi manje yon repa nitritif.
- Asire w pitit ou a prepare ak tout materyèl ki nesèsè yo, sa vle di, kreyon, gòm, kalkilatris.
- Rete kalm epi pozitif pou redui anksyete abityèl tès konn bay.

Après Tès la

- Pale ak pwofesè pitit ou a si ou genyen kesyon sou rezilta tès la.
- Revize tès yo ak pitit ou, espesyalman nenpòt pati li pa t konprann.

Chak Jou

- Ede nan devwa.
- Ede li devlope bòn abitud nan etidye, abilite pou l panse, epi atitud pozitif vizavi edikasyon.
- Asire ou li prezan toutan.
- Kominike ak pwofesè yo.
- Ankouraje lekti pou ogmante vokabilè.



Kondisyon pou Elèv Lekòl Mwayen Pase

Pou yon elèv nivo mwayen pase pou ale nan lekòl segondè, li dwe konplete kou sa yo avèk siksè:

- Twa kou lekòl mwayen oswa pi wo * nan kominikasyon oral/ekri.
- Twa kou lekòl mwayen oswa pi wo * nan matematik.
- Twa kou lekòl mwayen oswa pi wo * nan syans.
- Twa kou lekòl mwayen oswa pi wo * nan syans sosyal.
 - Youn nan kou syans sosyal yo dwe kou “Sivik”. Gen yon tès jeneral leta bay, tès estanda fendane pou “Sivik” elèv yo dwe pran epi li konte kòm 30% nòt yon elèv.

**Li dwe enkli kou lekòl segondè pou li kab jwenn kredi lekòl segondè.*

Sa lalwa mande konsènan edikasyon fizik (yon semès chak ane) dapre seksyon [section 1003.455, Florida Statutes](#)



Fason yo Bay Nòt nan Lekòl Mwayen

- Yo detèmine nòt trimèstriyèl yo nan plizyè fason; sa enkli devwa nan klas, devwadmezon, egzamen, tès, ak/oswa kwiz
- Kalkil nòt final:
 - Kou ki dire tout yon ane = Nòt mwayèn ki soti nan chak peryòd nòt nèf semèn yo
 - Kou ki dire 1 semès = Nòt mwayèn ki soti nan chak de (2) peryòd nòt yo
 - Kou ki genyen yon evalyasyon Fendane (EOC), tankou “Civics” = Mwayèn ki soti nan kat peryòd nòt yo ki konte kòm 70% ak “Civics EOC” ki konte kòm 30%
- Elèv yo dwe reyalize 4 “Pwen Kalite” pou chak matyè avan fen kou a.
 - A = 4 Pwen Kalite(Ekselan)
 - B = 3 Pwen Kalite(Plis ke mwayèn)
 - C = 2 Pwen Kalite(Mwayèn)
 - D = 1 Pwen Kalite(Nòt piba ki akseptab)
 - F = 0 Pwen (Echèk)

** Kou ratrapaj se yon opsyon pou elèv ki fè yon “F” nan yon peryòd make nan yon kou lekòl mwayen nan Anglè Pale/Ekri, matematik, syans, ak/oswa syans sosyal.*



Kredi Lekòl Segondè nan Lekòl Mwayen



- **Kou Lekòl Segondè ki ofri Elèv Lekòl Mwayen Kredi kapab enkli:** Aljèb 1 Onè, Jewometri Onè, Syans Fizik Onè, Espanyòl 1, ak kèk kou òdinatè
- **Benefis:**
 - Elèv yo kapab pran kredi ni pou lekòl mwayen, ni pou lekòl segondè
 - Bay opòtinite pou enskri nan kou ki pi wo lè y ap kòmanse lekòl segondè
 - Bay plis tan pou pran kou elektif ki enterese yo nan lekòl segondè
- **Konsiderasyon:**
 - Règleman lekòl segondè yo aplike pou nòt ak prezans
 - Y ap itilize kou yo pou kalkile “GPA” lekòl segondè epi sa ap ~~demere~~ rete kòm relvednòt “akademik pèmanan elèv la
 - Yo itilize “GPA” lekòl segondè pou gradyasyon, bousdetid, admisyon nan kolèj, elijiblite atletik, aktivite andeyò kourikoulòm, klasman kimilatif nan klas
 - Atitid aktyèl ak motivasyon pou etid yo
 - Nivo matirite
 - Aktivite andeyò kourikoulòm



Lwa Marjory Stoneman Douglas sou Sekirite nan Lekòl Segondè Piblik



- **Bay elèv ak fanmi yo aksè a sèvis sante mantal**
 - Tout manm estaf lekòl la te patisipe nan trening sou sante mantal
 - Pwofesyonèl sante mantal ki enkli Konseye akademik, Sikològ lekòl, ak pwofesyonèl sou sante konpòtman
 - Akò ak ajans lokal yo pou bay Konseye Sante Mantal ki Lisansye pou yo kapab bay sèvis terapi dirèkteman
- **Kote pou w Chèche Èd**
 - Paran/responsab k ap chèche èd la kapab rele lekòl yo pou mande pou pale ak konseye akademik la
 - A nenpòt moman, elèv yo kapab mande pou pale ak yon granmoun nan lekòl la; sa enkli yon ofisyè polis oswa yon konseye akademik
 - Pou Kanpe Krim Sou Elèv: 1-800-458- TIPS (8477)
 - Liy Telefòn pou Suisid: 1-800-273-8255
 - Liy Telefòn si y ap Annuie w: 561-434-8200
 - Rele 211 pou Mandè Èd ak nan Sitiyasyon Kriz



Lwa *Marjory Stoneman Douglas* sou Sekirite nan Lekòl Segondè Piblik

- ***School Safety*** – (Sekirite nan Lekòl) Ofisyè Polis ki byen Antrene, pwen estratejik, Èd Polis, Ekip ki pou Reponn si gen Kriz, Ofisyè Polis K-9
- ***FortifyFL*** – App pou detekte aktivite sispèk pou rapòte enfòmasyon bay polis lekòl la ak ajans polis lokal nan moman aksyon an.



Kisa pou w fè si ou wè yon Menas nan Medya Sosyal

1. Pran foto ekran menas la. PA voye li oswa pataje li, eksepte avèk yon ofisyè polis oswa yon administratè lekòl.
2. Rele Polis Lekòl la (561) 434-8700 oswa ajan polis ki la pou ranfòse lwa yo epi montre imaj la.
3. Ou kapab voye imaj la atavè App *FortifyFL* la tou.



Ou gen Kesyon?



Mèsi!

